

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Jakobho
Munyengeri



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rakatorwa na: M. Kerr; Sarah S; Alastair Paterson

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.





Mwari
akambotumira
mwana here
kumhuri
yenyu?



Zvinofadza
sei! Isaka
naRabheka
vakafara
zvikuru.



Mwari
akanga
achavapa
mapatya.



Vana
vakasundana
mukati
maRabheka.



Paakanamata,
Mwari
akataura
kuti
vanakomana
vake vaviri
vachatungamira
ndudzi mbiri
dzakasiyana-mukuru
achashumira muduku.



Nguva
zhinji,
mukuru
aitungamirira
muduku.
Mushure menguva
vana vakazvarwa.



Mapatya aya akanga asina
kufanana. Esau, mukomana
mukuru, akange aine mvere
zhinji uye akava muvhimi
aigona.



Jakobho akanga aine
ganda rakanaka uye
akada kushanda
pamusha.



Baba Isaka vakanga
vaine rudo kuna Esau.
Amai vaida Jakobho.



Rimwe zuva, Esau akanga ava nenzara.
Akati kuna Jakobho, "Ndipewo
chokudya." Jakobho

akati,
"Chimbondi-
tengesera
udangwe hwako."



Esau akanga asina hanya nechitsidzo
chaMwari kuna vana vokutanga
kuzvarwa.




Akabvumirana naJakobho.
Naizvozvo, Jakobho akanga

achatungamirira
mhuri
mushure
mokunge
baba
vashayika.




Umwe husiku, Mwari akataura na Isaka.
Akati, "Ndini Mwari vababa vako
Abhurahama. Ndinewe.
Ndicharopafadza dzinza rako."



Isaka ainamata Mwari asi
Esau mwanakomana wake akaroora
vakadzi vaviri verudzi
rwamaHeti.



Rudzi urwu rwakanga
rwusina hanya naMwari.



Isaka akachembera.
Akati kuna Esau,
"Ndivigire nyama
yakanaka
ndizokuropafadza."



Ropafadzo iyi
yakanga iri
pakati pababa
nemwanakomana
wekutanga.



Esau akamhanya
kunovhima. Asi
Rabheka akanzwa
zvavakanga vachitaura.
Akanga achida kuti
Jakobho aropafadzwe.



Rabheka
akange
aine zano.





Akakurumidza
kubika chikafu
chaidiwa naIsaka,
Jakobho achibva
apfeka hembe
dzaEau nemvere
dzemhuka
pamaoko zvese
nepahuro.



Isaka akange
asingaoni
zvakanaka.
Zvichida
vaikwanisa
kumunyengera.



Jakobho
akaendesera
Isaka chikafu.
Isaka akati,
“Inzwi, inzwi
raJakobho
asi
maoko,
maoko
aEsau.”



Achinge apedza
kudya, Isaka
akaropafadza
mwana akanga
akapfugama
pamberi
pake.



Jakobho
achinge aenda,
Esau akauya
kuna Isaka
akati, "ndauya
nechikafu
chokudya."



Isaka akaziva
kuti akanga
anyengerwa.
Akachema akati,
“Handikwanisi
kushandura
ropafadzo.”



Moyo waEsau
wakazara
noruvengo.
Akafunga
kuuraya
Jakobho.



Rabheka akanzwa
zvakanga zvataurwa
naEsau.



Akati kuna Jakobho,
“Enda kumba
kwasekuru vako
kusvika mukoma
wako akangawa
zvawaita.”



Isaka akabvuma kuti
Jakobho anotsvaga
mukadzi pakati
pehama dzaamai
vake. Jakobho
akaenda.




Kuzoti
avamanheru,
Jakobho akamira
kuti arare,
ndokutsamira
musoro wake
padombo.




Asi akanga
asiri ega.
Mwari
akataura
naye
kuhope.





"NDINI MWARI WABABA
WAKO ABHURAHAMA naISAKA.
NDINEWE. NDICHAKUPA
NYIKA INO.





NDUDZI DZOSE DZENYIKA
DZICHAROPAFADZWA NOKUDA
KWAKO." Mwari achinge apedza
kutura, Jakobho akamuka.
Akange achitya.



Sekuru vaJakobho
Rabhani
vakamugamuchira.
Jakobho akanga



achida
Rakeri.



Akashandira Rabhani
makore manomwe
kuti akwanise
kuroora Rakeri.



Kuzoti avamanheru,
Rabhani
akanyengedza
Jakobho.



Jakobho haana kufara akati, "Uyu
ndiRea kwete Rakeri. Mandinyengera."
Rabhani akati, "Mwanasikana mukuru
anofanira kutanga kuroorwa.



Chindishandira zvakare
makore manomwe kuti
ukwanise kuroora Rakeri."



Jakobho akabvuma. Zvichida
akarangira nguva yaakanga
anyengera Isaka naEsau.



Jakobho akanga aine
vanakomana gumi neumwe
chete. Makore apfura,
Jakobho akafunga
kudzokera nemhuri yake
kuKenani, kwakanga ...



... kuriko kuna vabereki
vake. Asi Esau akanga
achida kumuuraya.
Jakobho aikwanisa here
kuenda ikoko?




Rimwe zuva, Mwari
akamuudza kuti
adzokere. Jakobho,
mhuri yake nezvipfuwa
zvake vakadzokerea
kumusha.



Rwakanga ruri rwendo
refu! Esau akauya
kuzosangana
naJakobho
navarume vana
mazana mana.



Asi haana kuuraya
Jakobho. Esau
akamhanyira
kundasangana
naJakobho,
akamumbundikira.



Jakobho na Esau
vakava shamwari
zvakanaka.
Jakobho
akanga asvika
kumba zvakanaka.



Jakobho Munyengeri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 25-33

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza
zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu
uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo
zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo
rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana
wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa
akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana
uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako,
Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo
mako. Achagara mauri. newe ugogara maari
mazuva namazuva.



Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16

